aji-gëm ji jikkoom ju rafet danako may mu am darajay Aji-woor ak kiy taxaw di julli

Jële na ñu ci Aysa -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: dégg naa Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «aji-gëm ji jikkoom ju rafet danako may mu am darajay Aji-woor ak kiy taxaw di julli».

[Wér na bees sukkandikoo ci yeneen yi koy dëggal] [Abóo Daawuda soloo na ko,ak Ahmat]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ne jikko ju rafet dana yóbb boroomam ca darajay ki saxoo woor bëccëg ak taxaw guddi, li dajale jikko yu rafet yi mooy: di def njekk, ak rafeti wax, ak bélli xar kanam, ak bañ a lore te di ko dékku ci nit ñi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/5799